

ÈD LAJAN POU TRAVAYÈ AK TRAVAYÈZ KI AN IZÒLMAN



Mwen pa kapab ale travay akòz COVID-19 epi mwen pa kalifye pou èd lajan gouvènman Kanada a?

Yon èd lajan solidè kapab disponib
pou sitiyouyon mwen si :



Mwen resevwa yon
rezilta tès COVID-19 ki
pozitif epi mwen dwe
rete lwen moun
(izòlman).



Mwen pa kapab travay
paske mwen te an
kontak avèk yon moun
ki gen COVID-19 la.



Mwen pa kapab travay,
paske m ap tann
rezilta yon tès depistaj
COVID-19



**Pandan izòlman w,
fòk ou rete chita
lakay ou.**

Si w pa sèten w kalifye pou resevwa
èd lajan gouvènman an?
Ale gade detay yo nan do dokiman
an.



Kondisyon

pour resevwa
èd finansyè solidè a

- Mwen pa kapab al travay akòz
COVID-19
- Mwen pa kalifye pou m resevwa
seri èd ijans gouvènman an
(PCRE, PCREPA, PCMRE, Asirans
travay) oubyen nan men anplwayè
m.

Pou fè yon demann oubyen
poze kesyon
(sa rete sekre) :



1-438-507-2566



Apèl, teksto oubyen
WatsAp



projetcovivrectti@gmail.com

Pou pi plis enfòmasyon, al sou sit entènèt sa :

<https://santemontreal.qc.ca/population/coronavirus-covid-19/informations-multilingues/>



Mezi pwogràm CoVivre sa pran nan lide pou nou redui fason COVID-19 la ap gaye kò li nan kominote a. Mezi a ap chache soutni moun ki dwe rete nan izòlman men ki pa kalifye pou benefisye mezi konsènan èd gouvènman an. Li fè pati yon seri bon mezi inivèsèl ak mezi sante piblik.

Ou gen bezwen enfòmasyon oubyen èd pou demann èd lajan gouvènman an?



Espagnol	CSAI Leanna Molina 514 932-2953 p.115
Créole haïtien	La Maisonnée Marie Charlotte Staco Jean 514 271-3533
Punjabi	Siari Rajni Chandla 514 738-4763
Hindi	Siari Rajni Chandla 514 738-4763
Arabe	CSAI Tania Rehbeh 514 932-2953 p.225
Mandarin	CSAI Mingyue Sun 514 932-2953 p.105
Tagalog	Siari Yolanda Catolos 514 738-4763
Farsi	CSAI Ghazaleh Moradian 514 932-2953 p.226
Bangla	Siari Nargish Hashem 514 738-4763
Yiddish	Agence Ometz 514 734-1411
Tamoul	Bienvenue à NDG Manisha Iyer 514 561-5860
Russe	Bienvenue à NDG Yuliya Strelnikova 514 561-5860

Etap pou nou fè demann èd lajan solidè pwogràm CoVivre la



1. Antre an kontak avèk nou

Verifikasyon kalifikasyon an
(sa rete sekre) 1-438-507-2566 oubyen
projetcovivrectti@gmail.com



2. Tès depistaj

Mande prèw tès ou a
<https://santemontreal.qc.ca/population/coronavirus-covid-19/depistage-covid-19-a-montreal/#c46450>



3. W ap tann rezilta tès ou

Rete poukont ou lakay **ou**
(izòlman)

→ Èd lajan solidè a disponib selon sitiyasyon ou



4. Rezilta

Si w gen yon tès negatif, se pou w suiv konsiy sante piblik yo.



Si w pozitiv oubyen si yon manm nan fwaye w pozitiv, w ap bije rete lwen tout moun (izòlman).

→ Èd lajan solidè a disponib selon sitiyasyon ou



Dwa w genyen pandan tan w ap pase poukont ou yo (izòlman) ak lè w retounen travay

Ou te gen KOVID-19 nan travay ou?
Ou ansent epi w pè trape KOVID-19 nan travay ou?

Ou gen yon seri dwa kòm travayè ak travayèz

Pou pi plis enfòmasyon, antre an kontak avèk Sant travayè ak travayèz imigran
(Centre des travailleurs et travailleuses immigrants)

1-514-342-2111



CTI

CENTRE DES TRAVAILLEURS ET TRAVAILLEUSES IMMIGRANTS